

DUMADINE

DESA BANARAN

“Sirna ilang kertaning bumi”, candra sengkala menika dipun pitadosi minangka pralambang surutipun Keraton Majapahit wonten ing warsa 1400 saka, utawi 1478 Masehi. Sasampunipun Keraton Majapahit surut lajeng para putra wayah Prabu Brawijaya V Majapahit sami sumebar pados gesang lan pangungsen, wonten ingkang lumebat tengah wana, pinggiring kali utawi lepen, guwa-guwa utawi song ugi wonten ingkang nyebrang dhateng Pulau Bali, Pulau Lombok, Gunung Bromo, lan tlatah Gunungsewu ingkang sakmenika Gunungkidul.

Wonten ing papan-papan kala wau sami babad wana damel karang pradesan enggal, ing antawisipun Ki Ageng Wonokusumo (Giring I), Kyai Linggarjati (Giring II), Kyai Damarjati (Giring III), Ki Ageng Pemanahan, Ki Penjawi, Raden Bondan Surati, Raden Ayu Tanjungsari lan sanesipun.

Wonten ing tlatah Gunungsewu, salah satunggaling papan ingkang dipun ginaaken kangge pados katentreman utawi semedi inggih meniko wonten ing tengah wana Wanagama I, sapinggaing kali ingkang kasebat “*Tuban*”, saking tembung tutuban inggih menika papan ingkang dipun tutup, supados tiyang kathah mboten gampil mangertosi.

Ing mriku ugi wonten “*Guwa Tuban*” papanipun Raden Bondan Surati anggenipun tapabrata. Karana papan wau wonten tengah alas, pramila Raden Bondan Surati lajeng kawestanan sesebatan “*Pangeran Pengalasan*”.



Photo 4.

Guwa Tuban

Wonten ing tengah wana tlatah Tuban, ugi wonten salah satunggaling Empu ingkang asma Kyai Supondriyo. Salah satunggaling santri utawi cantrik inggih meniko Ki Suryo

Atmojo lumampah mengidul nyaketi papan mawa tejo, ingkang ketingal saking Tuban, lajeng pinanggih sendhang ingkang sakmenika kaswastanan “Sendhang Mojo”, awit saking tembung “Suryo Atmojo” utawi “Mawa Tejo”, ugi ing mriku wonten “Wit Maja” ingkang ageng. Lajeng Ki Surya Atmaja nglajengaken tapabrata wonten ing papan mriku.

Dumugi samenika, sendhang kasebat tasih lestantun, kaginaaken dening para warga dados panjengkapipun sedaya kabetahan gesang saben dintenipun, ugi upacara ritual adat ing antawisipun nyadran, serabi kocor lan sanes-sanesipun.



Photo 5.

Sendhang Mojo

Ing sendhang mojo menika ugi wonten tilaran sejarah ingkang kawastanan “*Dhakon*” ingkang dipun pitados bilih dhakon menika tiralanipun saking zaman Majapahit.

Dhakon samenika kaboyong dipun lestantunaken wonten in Pura Santi Loka ing Desa Banaran.



Photo 6.

Dakon Nyai Rhiwut



Photo 7.

Pura Shanti Loka

Sasampunipun keraton Majapahit surut, keraton Demak Bintara lajeng madeg, ananging mboten dangu lajeng surut antawis warsa 1549M.

Surutipun Keraton Demak Bintara lajeng gumantos Keraton Pajang, ananging ugi mboten dangu, Keraton Pajang ugi surut antawis warsa 1587 M, lajeng gumantos Keraton Mataram Islam wonten ing Pleret Bantul.

Prastowo jumenenganipun Keraton Mataram Islam mboten saged uwal saking wilayah bumi Gunungkidul, amargi miturut carios tumurunipun Wahyu Keraton Mataram menika wonten ing tlatah Giring, Sodo, Paliyan, Gunungkidul.

Saking rumaketipun sesambungan antawisipun Keraton Mataram kalian bumi

Gunungkidul, pramila kathah para-para ingkang lumebet dados abdi dalem utawi sentana Keraton lan prajurit Mataram, saperlu derek labuh labet dhateng nagari utawi Keraton ing antawisipun kyai Dhanyang lan Kyai Potrojoyo.

Dereng dangu anggenipun Keraton Mataram jumeneng, pramila tasih kekirangan sandang lan boga, saengga kangge nyengkuyung kabetahanipun Keraton, ugi kangge njagi katentremaning negari, Keraton Mataram paring dhawuh supados saperangan warga babad alas wonten ing Gunungsewu.

Kyai Dhanyang kalian Kyai Potrojoyo anggenipun nyendikani dawuh menika kajujug wonten gunung alit naminipun gunung Ndhondhong utawi Alas Sumbermulya, Kyai Potrojoyo katilar wonten ing gunung

Ndhondhong lajeng Kyai Dhanyang taksih nglajengaken tindak mangetan dumugi gunung alit sak kidul wetan Tlatah Alas Tuban, lajeng Kyai Dhanyang miwiti babad wana ing dinten Selasa Kliwon, 1 Sura 1593 Jawi, utawi 1 Juni 1669 M.

A. Babat Karangkuwang

Sasampunipun Kyai Potrojoyo lan simahipun dumugi wonten ing wana Sumbermulya, ingkang mengku suraos sumbering nggayuh mulyaning gesang. Mboten dangu anggenipun mapan, lajeng boyongan mangetan nyaketi wit ageng inggih punika Wit Asem lan Wit Tanjung. Kyai Potrojoyo lajeng miwiti babat alas ingkang salajengipun dipun wastani “*Padhukuhan Karangkuwang utawi Pucung*, wonten sakwetanipun Wit Tanjung lan sakilenipun Wit Asem.

Anggenipun babat alas kawiwitinan dinten Sabtu Wage, 29 Juni 1670 M, lan damel sumur utawi belik saklerkilenipun, samenika kawastanan Sumur Talang.



Photo 8. Wit Asem Ngleri

Rikala semanten Raden Ayu Tanjungsari, kadang wredanipun Raden Bondansurati, nglampahi tapabrata wonten ing Guwa utawi song, ingkang salajengipun papan wau dipun sebat “*Song Putri*”, sakilenipun Guwa Tuban.

Pinangka panutuping lampah tapabrata ing *Song Putri* kala wau, lan badhe amiwiti lampah tapabrata ing papan sanes, pramila Raden Ayu Tanjungsari arsa damel sekul among. Namung, sekul liwet inkang wonten salebetipun kendhil alit ingkang dipun wastani

“Kendhil Mrica” menika mboten telas-telas, saben-saben dipun eleri sekul salebetipun kendhil mrica kala wau tasih kathah, ngantos saged nyekapi kembul dhaharipun tiyang kathah.

Saking prastawa ngeleri sekul mawi kendhil mrica menika lajeng Raden Ayu Tanjungsari paring tetenger kange tlatah Karangkuwang dados “*Dhusun Ngleri*”.

B. Babat Dhanyangan

Wonten ing Guwa Tuban Pangeran Pengalasan gadahi tetepangan kaliyan tiyang jaler ingkang dumunung wonten ing gunung alit sakidulwetanipun Guwa Tuban. Tiyang menika sampun kagungan putra kakung setunggal. Karana mboten terang naminipun, mangka piyambakipun wonten ing papan wau niatipun mertapa ngantos pinten-pinten warsa lawase, pramila Pangeran Pengalasan lajeng paring tetenger dhumateng tiyang wau kanthi asma “*Kyai Dhanyang*”. Lajeng papan redi ingkang kangge dedunung kawestanan “*Gunung Dhanyangan*”.

Kyai Dhanyang kagungan putra kakung setunggal ingkang asma Ki Honggojoyo ingkang salajengipun krama pikantuk putra-

putrinipun Kyai Potrojoyo saking dhusun Karangkuwang utawi Ngleri.

Wonten ing Gunung Dhanyangan Pangeran Pengalasan mirsani ngidul katingal papan ingkang bawera utawi banar, lajeng dhawuh dumateng Kyai Dhanyang:

“...papan kidul kae katon banar, becik kanggo papan padunungan sak tedak turunmu, lan besuk jenengna Banaran...”

“...Sisih iring kulon ana sumber utawa tuk banyune bening lan ana wite maja, iku papan pangunjuanku, ojo diganggu...”

“...Lumakuwa ngidul sira bakal ketemu pawongan, iku kena kanggo paseduluran...”

Mirengaken atur pangandikanipun
Pangeran Pengalasan, lajeng Kyai Dhanyang
nyendikani dawuhipun nglajengaken babat
wana.



Photo 9.

Gunung Dhanyangan

C. Honggojoyo Dados Prajurit Mataram

Saking dawuh Sinuwun Mataram Amangkurat I, nimbali sowanipun abdi dalem Prajurit Mataram ingkang sinebat Kyai Potrojoyo wonten ing Karangkuwang kaliyan Kyai Dhanyang ingkang cumondok wonten ing Gunung Dhanyangan, supados marak sowan dhateng Keraton Mataram saperlu majeng perang ngemban jejibahan mengsaah kraman ingkang dipun pandhegani Trunojoyo.

Mirengaken pangandikanipun utusan saking Keraton Mataram, Ki Honggojoyo lajeng legeg manahipun awit mangertosi bilih keng rama sampun ndungkap yuswa, ing mangka menawi mboten marak sowan tentu badhe nampi deduka anggenipun tampi paukuman

utawi pidana saking Ingkang Sinuwun Mataram.

Ki Honggojoyo lajeng sumela atur ngaturaken pinuwunan bilih Kyai Dhanyang supados nglajengaken anggenipun babat wana, lajeng Ki Honggojoyo nyuwun palilahipun supados dipun parenganken anggentosi sowan dhateng Keraton Mataram saperlu majeng wonten ing palagan.

Kanthi raos awrat Ki Dhanyang lajeng paring palilah dumateng putranipun marak sowan ugi paring donga lan lilah dhateng Ki Honggojoyo majeng wonten ing palagan, mboten namung menika malah Ki Honggojoyo dipun paringi sifat piandel wujudipun duwung utawi keris ugi ubarampe sanesipun.

Gancanging lampah, sowanipun Ki Honggojoyo minangka sulih saliranipung Kyai Dhanyang wonten Keraton Mataram dipun tampi Ingkang Sinuwun, kepranan awit saking suba sita, tata karma, lan caos atur pisungsung ingkang saged andadosaken suka renaning penggalih Ingkang Sinuwun. Salajengipun Ki Honggojoyo kaparingan kapitadosan pinangka prajurit Pengawal Raja.

D. Perang Mataram - Trunojoyo

Peperangan antawisipun Keraton Mataram-Trunojoyo kawiwitan antawisipun warsa 1675 M. Wonten ing peperangan rikala semanten Trunojoyo saged unggul ing yuda ngrebat lan nguwaosi tlatah Mataram ing jawi wetan dumugi jawi tengah, ngantos Senopati Mataram inggih punika Pangeran Purbaya utawi wayah Ki Ageng Giring III seda ing palagan antawis warsa 1677 M.

Trunojoyo dipun biantu Pangeran Timur inggih rayi dalem Amangkurat Agung I saged lumebet Keraton Mataram lan damel risak salebetipun Keraton.

Salajengipun Prabu Amangkurat Agung utawi Amangkurat I saha putra kekalihipun inggih punika Pangeran Adipati Anom utawi Raden Mas Amral lan pangeran Puger dipun

dhereaken sedaya keluarga, prajurit mataram kalebet Ki Honggojoyo lolos saking Keraton tumuju Imogiri kalajengaken Kebumen. Dumugi dhusun Jenar ing Kebumen Prabu Amangkurat I paring dhawuh dhumateng Pangeran Puger:

“...Pangeran Puger, Pusaka Kanjeng Ky Pleret pinangka sipatkandel Keraton Mataram tampanana, bali menyang mataram rebuten Negara seka tangane Trunojoyo...”

“...lan sira Honggojoyo, dherekna Pangeran Puger maju ing peperangan...”

Amangkurat Agung nglajengaken tindak dipun tandhu kadherekaken Pangeran Adipati Anom, garwa lan para putra saha prajurit.

Dumugi Ajibarang Banyumas Amangkurat Agung seda, lajeng dipun sareaken ing Tegal, kawestanan “*Pesarean Tegalarum*”.

E. Jumenengan Raja saha Wisudan Abdi Dalem

Surut dalem Prabu Amangkurat Agung ing warsa 1677 M, lajeng wonten jumenengan raja mataram ingkang enggal. Ing dinten Rabu Kliwon 25 Sapar 1601 jawi utawi 28 Mei 1677 M, jumeneng dalem Raja Mataram Pangeran Adipati Anom kanthi gelar “*Susuhunan Amangkurat II Amral*” ing Banyumas.

Ing dinten Jum’at Legi 17 Bakdamulut 1601 jawi utawi surya kaping 17 Juli 1677 M, Pangeran Puger ingkan mesanggrah ing jenar, Kebumen nampi pawartos bilih ingkang rama Amangkurat Agung seda lan sampaun kasareaken ing Tegalarum. Pramila Pangeran Puger lajeng jumeneng raja mataram kanti gelar “*Sunan Ngaloga Ing Jenar*”. Ing panginten bilih pun kangmas inggih punika Pangeran

Adipati Anom estu tindak dhateng Makkah lan mboten jumeneng raja. Salajengipun, Sunan Ngaloga ugi paring kalenggahan dumateng Honggojoyo dados senopati perang kanthi sesebatan asma "*Purbanegara*"

Trunojoyo lan prajuritipun nututi lampah badhe merjaya Pangeran Puger, dados perang ageng ing dhusun Jagabaya, Kebumen. Senopati Honggojoyo dipun bantu prajurit yudanegara I lan Kalapaking saking Kebumen ugi warga Begelen saged unggul ing yuda. Trunojoyo keplajar dhateng Pleret. Pangeran Puger ingkang ngasta pusaka tombak Kyai Pleret dipun dhereaken Senopati Honggojoyo lan prajuritipun nututi plajaripun Trunojoyo.

Dumugi Keraton Mataram ing Pleret, Pangeran Puger priksa kawontenan Keraton sampun risak, sedaya pusaka Keraton ical, para

garwa dalem Amangkurat I, makutha emas tilaran waris saking Majapahit, putri-putri dalem sedaya sampun dipun boyong Trunojoyo dhateng Kediri.

Purbanegara utawi Senopati Honggojoyo dipun wisuda dados Manggalayuda prajurit Mataram lan dipun lilani dhaup pikantuk abdi dalem Putri Keparak dados garwa ingkang kaping kalih.

Ing Surabaya warsa 1677 M, Amangkurat II utawi Pangeran Adipati Anom sesarengan VOC perang gerilya mengsaah Trunojoyo lan saged unggul ing yuda, Trunojoyo dipun cepeng VOC ing Gunung Ngantang, Malang surya 26 Desember 1679 M. salajengipun badhe dipun sowanaken Sinuhun ing Mataram.

Ringkesing carios, wanci surya kaping 2 Januari 1680 M, Amangkurat II mapagaken

lampahing Trunojoyo ing Payak, Bantul. Lajeng Trunojoyo dipun sedani mawi keris Kyai Balabar. Kraman Trunojoyo tumpes, Amangkurat II boten kersa tindak Pleret lajeng yasa Keraton enggal ing Kartasura.

Amangkurat II sekongkel kaliyan VOC ngawontenaken perang mengsaah Pangeran Puger ing Pleret ingkang kaleres rayinipun piyambak, ngantos Keraton mataram ing Pleret risak telas tanpo tilas. Pangeran Puger dipun dhereaken Honggojoyo majeng peperangan kanthi ngasta tombak Kyai Pleret ngadepi VOC ngantos sedaya serdadu VOC mlajar lan matur dhumateng Amangkurat II. Sinaresng Amangkurat II Pangeran Puger pinanggih, lajeng wonten pedhamen utawi perjanjian. Amangkurat II jumeneng nata Mataram Kartasura lan mboyong pusaka Kyai Pleret

dhateng Kartasura, dene Pangeran Puger dados “*Pangeran Pati*”.

Sireping peperangan Kartasura kaliyan Pleret, Pangeran Puger nimbali sedaya nayaka Keraton lan prajurit Pleret, wigatosipun ingkang badhe ngempal dhateng Kartasura supados boyongan. Ingkang badhe tetep wonten Pleret dipun sumanggaaken, dene ingkang badhe wangsul dhateng dhusunipun ugi dipun lilani.

Honggojoyo lan keluarga sesarengan prajurit sanesipun, Honggojoyo sekeluarga nilaraken Keraton Mataram Pleret tumuju Gunungsewu utawi Gunungkidul.

F. Wangsulipun Honggojoyo

Wangsulipun Honggojoyo kaliyan pun garwa abdidalem Putri Keparak wonten ing dhusun Karangkuwang dipun tanggepi ingkang marasepuh Kyai Potrojoyo kalian Nyai Potrojoyo, dalah Nyai Honggojoyo, lajeng bage-binage kasugengan tindakipun.

Honggojoyo lajeng ngaturaken lelampahipun wiwit majeng perang ngantos kaparingan bebingah saking Ingkang Sinuwun Mataram.

Kyai Potrojoyo sampun nampi lan pirsa ingkan dados aturipun pun mantu, lajeng Kyai Potrojoyo kagungan pangandikan:

1. *Sinaosa Honggojoyo kaliyan garwanipun ingkang sepuh mboten kagungan turun, sampun ngantos pisahan gesang, lan anampi bilih Putri paringipun Ingkan*

*Sinuwun Mataram dados garwanipun
Honggojoyo salaminipun.*

2. *Bumi Karangkuwang sakukuban dados panguwaosipun Honggojoyo ngantos dumugi satedakturunipun. Dene Kyai Potrojoyo satedakturunipun trimah ndherek ngayom kamuktenipun.*
3. *Gesang bebrayan Honggojoyo kaliyan abdidalem Putri Keparak saget atut-runtut, mugi-mugi saget enggal kaparingan putra utawi keturunan, dene mapan dunungipun kasuwun tetep wonten bumi Karangkuwang ngantos dumugi sasedanipun sageto dados satunggal panggenan utawi pasarean kalian Kyai Potrojoyo sakeluarga.*
4. *Putra wayah trah Drepojoyo lan trah Honggojoyo tetep sageta guyub rukun, golong-gilig, nyawiji ing panemu, manunggal ing kalbu.*

Abdidalem Putri Keparak ugi kagungan wiraos ingkang kawedal ing lesan, kirang langkung mekaten:

"Benjang menawi sampun dumugi tutuping yuswa nyuwun sumare wonten pasarean Ngleri, namung mboten kersa kayuban wangon, cungkup, omah-omahan lan sanesipun, imgkang mengku pikajeng mrehatosaken putra wayahipun mugi sageta gesang ayom, ayem tentrem, rahayu, slamet saget unggul tumrap ngudi kaluhuran."

Kangge maharga wangslipun
Honggojoyo, wonten ing dhusun
Karangkuwang dipun wonteni wilujengan.
Kyai Dhanyang, Kyai Potrojoyo lan sedaya
putra wayah sami nglempak ndereaken
lapahing upacara wilujengan.

G. Babad Mijilsari

Sadangunipun Ki Honggojoyo majeng wonten ing peperangan kirang langkung wantawis 2 dumugi 3 warsa, Kyai Dhanyang nglajengaken anggenipun babat wana, jumbuh kalian atur pangandikanipun Pangeran Pengalasan, Lajeng Kyai Dhanyang dumugi wonten ing gunung alit sakidulwetanipun gunung dhanyangan sawetawis cumondhok wonten ing mriku ingkang sameniko dipun wastani “*Gunung Mijil utawi Mijilsari*”.



Photo 10.

Gunung Mijil


Gunungkidul
Handayani

Ki Honggojoyo lan garwa kekalih sesarengan wangslu nuweni Kyai Dhanyang saperlu dherek biyantu anggenipun babad alas Banar ngantos sawetawis wedal, lan sasampunipun katingal padang bawera dados tegalan, Ki Honggojoyo lan garwa kekalih sami wangslu malih dateng Karangkuwang utawi Ngleri.

H. Babad Banaran

Kemutan rikala semanten Pangeran Pengalasan ngendikaaken bilih sisih kidul wonten pawongan ingkang saged kangge paseduluran utawi rowang, Kyai Dhanyang lajeng tindak mengidul dumugi ing lepen utawi belik, wonten ing mriku pinanggih tiyang jaler, amargi dipun suwuni priksa asmanipun mboten kersa atur wangsuman pramila Kyai dhanyang ngendika

“yen ngono jenengmu Kyai Lanang lan papanmu iki jenenge Belik Planangan”,

Belik Planangan dumugi samenika tasih dipun lestantunaken kangge upacara ritual Sadranan.



Photo 11.

Belik Planangan

Wonten ing sakiwatengenipun Belik Planangan kanyata sampun wonten saperangan warga ingkang cumondok wonten ing mriku, ingkang salajengipun Kyai Lanang nyawiji dhateng Kyai Dhanyang.

Sakidulipun belik planangan ingkang kasebat “*Teguhan*” ugi sampun wonten saperangan warga lajeng Kyai Dhanyang tindak mangetan wonten lepen alit ing mriku

wonten wit surulanang ingkang ageng, saking kersanipun Kyai Dhanyang ing mriku dipun paring tetenger “*suruhan*” pinangka kangge tapel wates kalebet wewengkon Banaran. Nglajengaken anggenipun tindak mengaler ing mriku ugi wonten saperangan warga truka ingkang samenika dipun wastani “*Trukan*”.

Sasampunipun Kyai Dhanyang rumaos jangkep anggenipun babat wana nyendikani pangandikanipun Pangeran Pengalasan, ing kasunyatan sampun kathah warga sakiwatenegenipun Gunung Mijil ing antawisipun Belik Planangan, Teguhan, Suruhan, Trukan, Nglarangan lan sanesipun.

Saking guyub panyengkuyungipun sedaya warga, Kyai Dhanyang rumaos bingah ingkang tanpa kinira. Nyendikani wasiatipun Pangeran Pengalasan rikala semanten kemutan bilih

mbenjang menawi sampun dumugi rejaning jaman papan menika dipun paringi tetenger “*Desa Banaran*”, salajengipun Kyai Dhanyang netepaken bilih dinten anggenipun miwiti babat wana rikala semanten dinten Selasa Kliwon dados dinten wilujengan, ingkang samenika dipun ginakaken upacara adat Sadranan. Ugi netepaken dinten rejaning mulya keng putra Ki Honggojoyo dinten Senen Legi dados dinten dumadine Desa Banaran ing **dinten Senin Legi surya kaping 27 Mei warsa 1912 utawi 10 Jumadil akhir 1842 kanthi Lurah ingkang sepisanan Kromowongso ingkang kaleres taksih keturunan kaping 5 Kyai Dhanyang.**

Kyai Dhanyang anggenipun mapan wonten ing Desa Banaran ngantos ndungkap

yuswa lan seda ugi sumare wonten ing pesarean Desa Banaran.



Photo 11.

Pesarean Kyai Dhanyang lan keng garwa

Dene Ki Honggojoyo kalian garwanipun kekalih Nyai Honggojoyo kalian Putri Keparak mapan wonten ing Dhusun Ngleri, ngantos yuswa sepuh lan seda ugi sumare wonten ing pesarean Dhusun Ngleri.



Photo 12.

Pesarean Kyai Potrojoyo lan Nyai Potrojoyo
Kalian Ki Honggojoyo lan Nyai Honggojoyo



Photo 13.

Pesarean Putri Keparak ingkang kaapit emban utawi
pendherekipun